

## Dokinan Enfòmasyon pou Plent Sitwayen

Manm nan

Marlboro Township Police Department ap fè tout sa yo kapab pou bay sèvis lapolis avèk jistis, efikasite, ak empasyalite. Sa nan enterè tout moun, pou plent nou resevwa sou nenpòt ki ajans lapolis rezoud avèk jistis, san pèdi tan. Depatman Lapolis la gen pwosedi ki tabli pou mennen ankèt sou plent ou fè a. Pwosedi sa yo ekri yon jan pou garanti jistis, ak pou pwoteje dwa ni sitwayen yo, ni ajan lapolis yo:

1. Yo oblige resevwa rapò ki fèt kont yon ajan/anplwaye lapolis nan men tout moun, menm si se yon moun ki pa vle bay non li, nenpòt kilè.
2. Yo pral aksepte plent yo, san gade sou laj moun, ni sou ras, gwoup etnik, reliyon, si se gason oubyen fi, oryantasyon seksyèl, andikap, oswa kondisyon imigran moun ki pote plent lan.
3. Plent ou pote a pral rive nan men yon ofisyè siperyè oswa yon ofisyè ki resevwa fòmasyon sou zafè entèn, ki pral mennen yon ankèt konplè avèk objektivite.
4. Yo ka mande w ede nan ankèt la, avèk enfòmasyon detaye ou genyen sou sa ki rive, oubyen avèk lòt enfòmason oswa dokiman ki enpòtan.
5. Gen ankèt serye k ap mennen pou tout plent ki pote kont ajan polis yo. Y ap ba ou enfòmasyon sou jan ankèt la mache, ak sou dènye konklizyon ankèt la, si ou mande sa epi ou bay enfòmasyon pou kontakte w. Sanksyon ekgzak yo pran an ap rete konfidansyèl, men y ap fè ou konnen dènye konklizyon an, tankou:
  - a. Pwouve: Gen anpil prèv ki montre yon ajan polis vyole yon lwa, oswa yon règleman, yon direktiv, yon òdonnans, prensip, oubyen yon pwosedi Komisè Gouvènman an oubyen Avoka Konte a, oswa yon pwotokòl ajans lan, yon pwosedi anvigè, yon prensip, oswa yon fòmasyon.
  - b. Pa gen ka: Gen anpil prèv ki montre zak yo rapòte a pa te rive.
  - c. Eskize: Gen anpil prèv ki montre zak yo rapòte a te rive, men li pa te yon vyolasyon okenn lwa, ni okenn règleman, direktiv, òdonnans, prensip, oubyen pwosedi Komisè Gouvènman an oubyen Avoka Konte a, ni yon pwotokòl ajans lan, yon pwosedi anvigè, yon prensip, oswa yon fòmasyon.
  - d. Pa pwouve: Ankèt la pa pote ase prèv ki montre aklè zak la te rive, oubyen li pa te rive.
6. Si ankèt nou montre kapab gen yon krim ki te komèt, n ap fè Avoka Konte a konnen sa. Yo ka mande w parèt pou temwayne nan tribinal.
7. Si ankèt nou an lakòz yo akize yon ajan lapolis paske li vyole yon prensip depatman an, yo ka mande w vin temwayne nan yon odisyon depatman an.
8. Si ankèt nou an montre pa gen ka pou plent lan, oubyen ajan lapolis la te byen aji, dosye a ap fèmen.
9. Ankèt sou zafè entèn yo ap rete konfidansyèl, epi tout sanksyon disiplinè yo ap rete fèmen pouiblik la, sòf si ajan lapolis ki ankòz la mande pou yon odisyon avèk pòt louvri.
10. Ou mèt rele Det. Sgt. Ian Thompson nan 732.536.0100 etx 1131 pou bay enfòmasyon siplemantè, oubyen pou poze nenpòt kesyon sou ka a.

Departman/Ajans \_\_\_\_\_

Nimewo Dosye IA \_\_\_\_\_

## FÒMILÈ POU RAPÒ SOU ZAFÈ ENTÈN

### Moun k ap pare rapò a (Fakiltatif, men li itil)

Non konplè \_\_\_\_\_

Preferans?

Adrès (Nimewo Apatman) \_\_\_\_\_

Adrès elektwonnik \_\_\_\_\_

Vil, Eta, Kòd Postal \_\_\_\_\_

Dat nesans \_\_\_\_\_

### Ajan ki ankòz nan deklarasyon an (yo) (Bay tout efòmasyon ou konnen)

Non Ajan an (yo) \_\_\_\_\_

Nimewo ekison \_\_\_\_\_

Kote ensidan an pase \_\_\_\_\_

Dat/Lè \_\_\_\_\_

Nan espas pi ba la a, dekri ki kalite ensidan ki te rive (panno estòp nan lari, kwaze nan kafou) epi bay tout enfòmasyon ou genyen sou zak lòt moun lan fè a. Si ou pa rive jwenn repons ou pi ba la a, ou mèt sèvi avèk paj siplemantè epi tache yo ak dokiman sa a. Si ou pa konnen non Ajan an, ni nimewo ekison li, bay nenpòt ki lòt enfòmasyon ou genyen pou idantife li.

### Lòt enfòmasyon

Kouman rapò a te fèt?  Prezante an pèsonn  Nan telefòn  Nan lèt  Nan kourye elektwonnik  Lòt jan \_\_\_\_\_

Èske ou te remèt okenn prèv materyèl?  Wi  Non Si ou di Wi, esplike: \_\_\_\_\_

Èske ensidan an te rapòte anvan sa?  Wi  Non Si ou di Wi, esplike: \_\_\_\_\_

### Kite plas anba la a pou Ajan k ap resevwa rapò a

Ajan k ap resevwa plent lan \_\_\_\_\_

Nimewo ekison \_\_\_\_\_ Dat/Lè \_\_\_\_\_

Sipèvizè k ap resevwa plent lan \_\_\_\_\_

Nimewo ekison \_\_\_\_\_ Dat/Lè \_\_\_\_\_